



Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE JOUNEN PYEBWA A EPI ANONSE SIBVANSYON 3 MILYON DOLA DISPONIB KOUNYE A POU PWOJÈ FORÈ IBEN AK KOMINOTÈ YO

Finansman an sipòte pwojè pyebwa kominotè yo pou pwoteje resous natirèl yo, lè ak kalite dlo epi ede konbat chanjman klimatik

Gouvènè Kathy Hochul te komemore jodi a Jounen Pyebwa lè l te anonse gen 3 milyon dola nan nouvo finansman sibvansyon konpetitif ki disponib kounye a pou minisipalite yo, nasyon endyen yo ak òganizasyon san bi likratif yo pou pwojè forè iben ak kominotè yo. Nouvo finansman sa a pral ogmante sante forè kominotè yo epi ranfòse pwogram forè kominotè lokal yo.

"Eta New York fyè pou l selebre Jounen Pyebwa a nan plante pyebwa atravè eta a epi nan ofri opòtinite sibvansyon sa a pou pwojè nan kominote yo pou fè envantè, plante ak kenbe pyebwa piblik yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Patenarya kominotè sa yo pral pwoteje ak amelyore resous natirèl eta a ak anbeli katye nou yo pandan l ap amelyore tou kalite lavi pou yon avni ki pi vèt".

Jounen Pyebwa a se yon obsèvasyon nasyonal ki selebre wòl pyebwa yo ak ankouraje plante ak pran swen pyebwa yo. Jounen Pyebwa a, ki te premye selebre an 1872, te etabli kòm yon fason pou ankouraje kiltivatè yo ak kolon yo pou plante pyebwa k ap bay lonbraj, abri, manje, kabiran ak bote nan zòn ouvè yo. Nan New York, yo selebre Jounen Pyebwa a tradisyonèlman nan dènye vandredi mwa avril.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, Basil Seggos, te mete aksan sou nouvo opòtinite finansman sa a nan yon evènman plante pyebwa nan Jounen Pyebwa a avèk Vil Albany, patnè lokal yo ak elèv nan Eagle Point Elementary School.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Jounen Pyebwa a se yon opòtinite pou sonje valè pyebwa nan lavi chak jou epi plante ak kenbe pyebwa yo se youn nan pi gwo bagay nou ka fè pou pwoteje anviwònman nou. Anons sibvansyon jodi a se youn nan anpil zouti reyisi pou forè ke DEC ap itilize pou fè avanse objektif konsèvasyon forè Eta a, investi nan kominote yo atravè eta a epi aplike rekòman plan oryantasyon Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a".

Aplikasyon pou sibvansyon Forè Iben ak Kominotè Elijib (UCF) yo se kominote ki gen popilasyon ki depase 65,000. Aplikasyon yo ka aplike pou jiska 100,000 dola pou finansman envantè pyebwa, planifikasyon jesyon forè kominotè, plantasyon pyebwa oswa pwojè antretyen pyebwa. Aplikasyon yo ki nan kominote ki pi piti yo ka aplike pou jiska 75,000 dola. Pou jwenn aksè nan opòtinite sibvansyon sa yo, ale sou sit Grants Gateway la nan <https://grantsmanagement.ny.gov/> epi chèche "pyebwa" (tree). DEC01-UCF1-2023 se opòtinite pou pwojè envantè pyebwa ak plan jesyon forè kominotè yo epi gen dat limit pou aplikasyon ki se 21 jen 2023; DEC01-UCF2-2023 se opòtinite pou plante pyebwa ak pwojè antretyen pyebwa yo epi gen yon dat limit pou aplikasyon ki se 16 out 2023. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Forè Iben ak Kominotè Eta a, ale sou pajwèb DEC la nan <https://www.dec.ny.gov/lands/5285.html>.

Gen yon seyans enfòmasyon sou entènèt konsènan sibvansyon sa a k ap disponib jedi 4 me nan 10 a.m. Pou w patisipe nan sesyon enfòmasyon de èdtan an, ale sou <https://meetny.webex.com/meetny/j.php?MTID=m8632d7da909b7fed96091732ef0a1b48>. Premye mwaye a se ap konsènan kondisyon sibvansyon an epi dezyèm mwaye a se sou jan pou w navige sou sit Grants Gateway la. Pou nenpòt moun ki pa ka patisipe nan sesyon enfòmasyon an, n ap afiche yon anrejistremant sou pajwèb sibvansyon Forè Iben ak Kominotè a nan <https://www.dec.ny.gov/lands/5285.html>.

Se Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a ki te bay finansman pou pwogram nan. Bidjè Egzekitif pou ane 2023-24 Gouvènè a sipòte EPF la avèk 400 milyon dola istorik. EPF bay finansman pou pwogram anviwònmanal enpòtan yo tankou acha teren, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisant, aksè ak pi bon lwazi, amelyorasyon kalite dlo ak yon pwogram agresif nan zafè jistis anviwònmanal.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418